

## ASPEK TEMATIK LAN STILISTIK SAJRONE PAGELARAN JANGER KARISMA DEWATA KANTHI LAKON PENTHUL DADI RATU

**Erlik Citra Budiarti**

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[erlokiunesa@yahoo.co.id](mailto:erlokiunesa@yahoo.co.id)

### Abstrak

Janger Karisma Dewata Banyuwangi mujudake paguyuban janger kang misuwur ing tlatah Banyuwangi. Janger Karisma Dewata Banyuwangi nduweni maneka warna lakon ing antarane *Tumenggung Laras Miring, Jaya Kusuma, Samparangin kembar, Penthul Dadi Ratu, lsp.* Penthul Dadi Ratu mujudake lakon janger Karisma Dewata Banyuwangi kang narik kawigaten amarga cerita kang dibabar sesambungan karo cerita Sabda Palon. Lakon Penthul Dadi Ratu (LPDR) bakal dikaji kanthi tintingan stilistika kang uga disengkuyun karo tintingan struktural.

Saka maneka warna aspek-aspek stilistik sajrone LPDR iku, ing panliten iki kababar underan panliten yaiku (1) Kepriye wujud carita LPDR?, (2) Kepriye wujud lelewane basa LPDR?, (3) Kepriye wujud retorika LPDR?. (4) Piwulang apa kang kinadhut sajrone LPDR?. Dene tujuwan panliten yaiku (1) njlentrehake karateristik Janger Karisma Dewata kanthi LPDR (2) njlentrehake wujud lelewane basa LPDR, (3) njlentrehake aspek retoris LPDR, (4) njlentrehake piwulang kang kinadhut sajrone LPDR.

Panliti iki diajab bisa asung paedah, (1) tumrap masyarakat sarana mbangun kawruh lan nambahi ilmu saka LPDR, (2) tumrap karya seni, kanggo menehi sumbangan pangrembakane karya seni, (3) tumrap mahasiswa, kanggo acuan nindakake panliten sabanjure, (4) tumrap panliten, kanggo sarana nambah wawasan nyinaoni kepriye mangun kawasan kang dadi pikoleh ing pawiyatan. Panliten iki kantintingan kanthi stilistika. Gegayutan karo tintingan kasebut, kaandharake konsep lan teori yaiku (1) drama, (2) struktur, (3) lelewane basa, (4) aspek retoris.

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif kualitatif kang gegayutan karo tintingan stilistika. Sumber data ing panliten iku yaiku rekaman kaset LPDR. Data ing panlite iki yaiku tetembungan, ukara, lan wacana kang ana gegayutane karo prakara kang arep ditilti, Instrumen utawa alat pangumpule data kang utama yaiku panliti dhewe. Tata cara ngumpulake data sajrone panliten iki nggunakake metode pustaka lan tata cara nganalisis datane nggunakake metode hermeneutik.

Asiling panliten iki yaiku ing babagan struktur mung diwatesi rerengkasane carita, tema, lan paraga. Tema saka LPDR yaiku tema kritik sosial. Kayata pacelathon-pecalathon kang dibabarake dening paraga-paraga LPDR kang ngandhut pasemon-pasemon tumrap masyarakat kepriye anggone dadi pandhega. Kejaba mbabarake struktur carita, panliten iku uga nganalisis aspek-aspek stilistik.

Sajrone LPDR uga ditemokake aspek-aspek stilistik. Aspek-aspek stilistik kasebut diperang dadi loro yaiku lelewane basa lan aspek retoris. Yen aspek-aspek stilistik bisa kadhudhah, apa kang dadi piwulang sajrone LPDR bisa kababar tumrap pamirsane.

**Kata Kunci : aspek stilistik, lelewane basa, aspek retoris**



### Abstract

Janger Karisma Dewata Banyuwangi merupakan salah satu groub janger yang terkenal di Banyuwangi. Janger Karima Dewata Banyuwangi mempunyai banyak lakon antara lain *Tumenggung Laras Miring, Jaya Kusuma, Samparangin kembar, Penthul Dadi Ratu, lsp.* Penthul Dadi Ratu merupakan lakon dari Janger Karisma Dewata Banyuwangi yang menarik untuk ditonton. Penthul Dadi Ratu menceritakan cerita tradisional yaiku cerita Sabda Palon. Lakon Penthul Dadi Ratu (LPDR) akan dikaji dengan kajian stilistika yang dibantu dengan kajian struktural.

Dari berbagai macam aspek-aspek stilistik didalam LPDR. Penelitian ini merumuskan rumusan masalah (1) Bagaimana wujud cerita LPDR, (2) Bagaimana wujud gaya bahasa LPDR?, (3) Bagaimana aspek retoris LPDR, (4) Amanat apa yang terkandung dalam LPDR. Disamping itu tujuwan peneliti yaitu (1) menjelaskan karateristik Janger Karisma Dewata yang menggunakan LPDR, (2) menjelaskan wujud gaya bahasa, (3) menjelaskan aspek retoris LPDR, (4) menjelaskan amanat apa yang terkandung dalam LPDR.

Penelitian mempunyai manfaat untuk (1) untuk masyarakat, membangun ilmu dan pengetahuan dari LPDR, (2) untuk karya seni, memberikan perkembangan terhadap adanya sebuah karya seni, (3) untuk mahasiswa, sebagai pedoman untuk melakukan penelitian selanjutnya (4) untuk paneliti untuk belajar

memperoleh manfaat dari penelitian. Penelitian ini menggunakan kajian stilistika. Sehubungan dengan kajiaan kasebut dijelaskan teori dan konsep yaitu (1) drama, (2) struktur, (3) lelewane basa, (4) aspek retoris.

Penelitian ini termasuk penelitian deskriktif kualitatif yang berhubungan dengan kajian stilistika. Sumber data penelitian ini yaitu rekaman *LPDR*. Data penelitian ini yaitu kata, kalimat, dan wacana. Instrumen atau cara mengumpulkan data alat utamanya adalah penelti sendiri. Tata cara mengumpulkan data menggunakan metode pustaka dan cara menganalisis data menggunakan metode hermeneutik.

Hasil penelitian ini yaitu struktur yang hanya dibatasi ringkasan cerita, tema dan tokoh. Tema dari *LPDR* yaitu kritik sosial. Pacelathon-pachelathon yang ditampilkan oleh tokoh-tokoh *LPDR* kang mengandung sindirian bagaimana menjadi pemimpin yang baik.

Didalam *LPDR* juga ditemukan aspek-aspek stilistik. Aspek-aspek stilistik tadi dibagi menjadi dua yaitu gaya bahasa dan aspek retoris. Jika aspek-aspek stilistik bisa dianalisis maka amanat yang terkandung dalam *LPDR* bisa dirasakan masyarakat.

**Kata Kunci : aspek stilistik, lelewane basa, aspek retoris**

## PURWAKA

### Mula Bukane Panliten

Pagelaran Janger mujudake salah sawijine wujud ekspresi budaya kang isih ngrembaka ing tlatah Banyuwangi. Pagelaran Janger mujudake pagelaran arupa drama, saemper kayadene pagelaran kethoprak lan ludruk. Wibisono (2010:47) ngandharake yen pagelaran janger bisa uga kasebut Damarwulan utawa Jinggoan. Pagelaran Janger Banyuwangi nyawijeake aspek kabudayaan Bali lan Jawa. Unsur kang nuduhake kabudayaan Bali yaiku gamelan, busana, lan tari-tarian, dene bab kang nuduhake kabudayaan Jawa mbabarake lakon carita Jawa, mligine carita Majapahitan.

Janger Karisma Dewata Banyuwangi, (sabanjure dicekak JKDB) mujudake sawijining tetenger tumrap Janger Banyuwangi kang ngrembaka wiwit tahun 2008, kang dipandhegani dening bapak Kawit, kanthi paraga kang nglunguhui sutradara asma mas Sutaji. JKDB nduweni maneka warna lakon kang bisa kababar sajrone pagelaran, ing antarane *Panji Wulung Krama*, *Tumenggung Laras Miring*, *Wahyu Kembang Jaya* *Kusuma*, *Samparangin Kembar*, *Kebo Mancuet*, *Berdirinya Mataram*, *Damarwulan Ngarit*, *Kencana Katon Wingka*, *SriTanjung Sidapeksa*, *Kamandaka*, *Sawunggaling Kembar*, *Penthul Dadi Ratu*, *isp.*

Lakon *Penthul Dadi Ratu*,(sabanjure dicekak *LPDR*) mujudake salah sawijine lakon kang narik kawigaten amarga cerita kang dibabar sesambungan cerita Sabda Palon. Sabda Palon minangka paraga kang dadi punakawane Prabu Brawijaya. *LPDR* ngandhut perangan wigati kang gegayutan karo kalungguhane sawijining pandhega. *LPDR* ngandhut piwulangan ngenani Hastabarat. Hastabrat mujudake salah sawijine filsafat Jawa. Filsafat Jawa yaiku *study* ngenani sekabehe fenomena panguripane manungsa lan pamikiran manungsa kanthi kritis saengga bisa didadekake pandom pandoming urip. *LPDR* mujudake salah sawijining jinis reriptan sastra.

Saka kapustakan kaweruhan yen reriptan sastra diperang dadi telu yaiku puisi, prosa, lan drama. Lakon kang tegese cerita sajrone pagelaran, mujudake reriptan sastra, amarga lakon kalebu peranganing struktur. Cara mbabarake lakon ora padha karo cara mbabarake puisi utawa prosa. Lakon kuwi nduweni bab kang luwih *khlas*

tinimbang prosa lan puisi umume. Puisi lan prosa dirasakake endah lan maknane lumantar maca tulisane pangripta, dene lakon dirasakake lumantar pandeleng lan pangrungu. Tujuwane mbabarake lakon ora amung kanggo sarana tontonan nanging uga dadi kudu bisa dadi sarana tuntunan.

Basa minangka sarana carita sajrone genre sastra naratif kanggo mbabarake lakon. Panganggone basa mujudake bab kang *unik*. Satoto (2012:138) ngandharake basa sajrone lakon kudu bisa narik kawigaten pamirsia. Lakon dirasakake lumantar pandeleng lan pangrungu ora diwaca kayadene puisi lan prosa umume. Salah sawijine cara kanggo mbabarake lakon kuwi gegayutan karo teknik panganggone basa khas asipat dramatik. Paraga kudu bisa ngurip-uripi wewetakene lan alur carita saengga luwih narik kawigaten.

Basa sajrone JKDB mujudake basa kang endah, yaiku nggunakake basa sastra. Basa sastra dudu basa padinan, nanging luwih negenake kaendahaning basa. *LPDR* nggunakake basa endah, kejaba endah basane nanging bisa mbabarake tujuwan utamane lakon digelar.

Basa kang digunakake sajrone *LPDR* mujudake sarana medharake bab kang ngandhut piwulangan tumrap pamirsane. Pamilihaning tembungan mujudake sarana kang wigati sajrone pagelaran. Pamilihaning tembung lan panglarasing tembungan kang endah bisa narik kawigaten *apresiator*. Tembungan kang pinilih lan laras bisa nggamarake lumakune carita sajrone pagelaran.

Tembung kang pinilih mujudake *style-e LPDR*. Pamilihaning tembung kang laras mujudake lelewane basa utawa kaendahaning basa. Lelewane basa mujudake salah sawijine aspek kang bisa narik kawigaten *apresiator*. Tembungan kang dibabar ing panggung dening pemain mujudake aspek retoris. Aspek retoris utawa retorika yaiku teknik panganggone basa seni kang bisa narik kawigaten wong liya. Kasil orane pagelaran mau gumantung saka carane paraga mbabarake lakon. Yen paraga bisa mbabarake lakon kanthi sampurna mula apa kang dadi tujuwane utamane lakon bisa kababar tumrap pamirsane.

Stilistika mujudakake kawruh umum ngenani *style* utawa gaya kang khas kanggo mbabarake *gagasan* kanthi cara tartamtu (Satoto, 2012:35). Gaya (*style*) yaiku cara ngandharake bab kanthi cara tartamtu, saengga apa

kang dadi tujuwane panulis kagayuh kanthi sampurna (Ratna,2009:3). Saka andharan mau, bisa diarani yen stilistika salah sawijine ilmu kang ngandharake wujud kabasan utawa stuktur lair reriptan sastra. Stilistika mujudakake bab-bab kang nyinaoni basa, kejaba bisa ndhudhah kaendahaning basa, aspek stilistik bisa ndhudhah tujuwan utamane pangripta.

*LPDR* salah sawijine lakon pagelaran JKDB kang bisa ditintingi kanthi *pendekatan* stilistika. Aspek stilistik kang bakal dilakoni ing panliten iki bisa ndhudhah tujuwan utamane *LPDR* kanthi tersurat utawa tersirat. Yen aspek stilistik mau bisa kadhudhah, mula apa kang dadi tujuwane *LPDR* kejaba sarana panglipur, piwulang-piwulang sajrone lakon bisa dirasakake tumrap masyarakat. Saka andharan mau, irah-irah kang trep kang bakal dilakoni karo panliten iki yaiku *Aspek Tematik Lan Stilistik Sajrone Pagelaran Janger Karisma Dewata Banyuwangi kanthi Lakon Penthul Dadi Ratu*.

### 1.1 Underaning Panliten

Adhedhasar mula bukane panliti mau bisa ditulis underaning panliti kaya ing ngisor iki.

- 1) Kepriye wujud carita ing *LPDR*?
- 2) Kepriye wujud lelewane basa *LPDR*?
- 3) Kepriye aspek retorika *LPDR*?
- 4) Kepriye piwulangan kang kinandhut ing *LPDR*?

### 1.2 Tujuwan Panliten

Manut undheran panliten sing diandharake mau, tujuwan saka panliten iki yaiku:

- 1) Ngandharake Karateristik pagelaran JKDB kanthi *LPDR*.
- 2) Ngandharake wujud lelewane basa sajrone *LPDR*.
- 3) Ngandharake aspek retorika ing *LPDR*.
- 4) Ngandharake piwulangan-piwulangan kang kinandhut sajrone *LPDR*.

### 1.3 Paendah Panliten

Paedah panliten iki menehi gegambarane pemilihan tembung kang digunakake ing karya seni mligine pagelaran janger. Saengga pamirsa bisa mangerten iisi utawa pesen kang dibabarake dening pangripta. Saliyane iku panliti uga nduweni pangajap kaya mengkene.

- 1) Kanggo masyarakat. Panliten iki kaajab bisa sarana mbangun kawruh lan nambahi ilmu saka Pagelaran JKDB kanthi *LPDR*.
- 2) Kanggo Kesenian, kajaab menehi sumbangan pangrembakane karya seni mligine kang nggunakake stlistika.
- 3) Kanggo seniman janger.panliten iki kaajab bisa sarana sinau, supaya panulis naskah bisa nggunakake pamilihan tembung lan larasing tembung kang luwih bisa narik kawigaten pamirsa.
- 4) Kanggo Mahasiswa minangka acuan sajrone nindakake panliten sabanjure kang ana sesambungan karo bahan kang dikaji.
- 5) Kanggo Panliti minangka sarana nambah wawasan ilmu nyinaoni kepriye mangun kawasan kang dadi pikoleh ing pawiyatan.

### Drama Tradhisonal

Drama tradhisional mujudake salah sawijine pagelaran kang mbabarake lakon-lakon kang asipat *kedhaerahahan*. Sipat *kedhaerahahan* kuwi mujudake ciri khas dhaerah tartamtu kayadene basa kang digunakake yaiku basa dhaerah, dene lakon kang dibabar yaiku lakon kang asipate dhaerah kayadene legenda, crita rakyat, lsp (Satoto,2012:107).

Drama tradhisional mujudake salah sawijine tontonan drama ora negengake rantaman naskah (Wiyanto,2002:12). Rantaman naskah kang dirantam panulis ing drama tradhisonal mujudake rangkaian crita. Paraga mujudake salah sawijine bab kang wigati sajrone drama tradhisional. Paraga kudu bisa ngurip-upiri rantaman naskah kang wis ditulis. Rantaman naskah kang ditulis panulis naskah kuwi diwujudake paraga lumantar pacelathon lan *solah tingkah* paraga.

JKDB mujudake salah sawijine pagelaran drama tradhisional. JKDB bisa diarani drama tradhisional jalanan mbabarake lakon-lakon tradhisional. Lakon-lakon tradhisional kang dibabarake dening JKDB kayata crita majapahitan, mitos, legenda, lsp.

### Janger

Janger salah sawijine wujud pagelaran kang arupa drama. Janger uga bisa disebut Damarwulan utawa Jinggoan. Wujud drama tradisional saemper kayadene kethoprak lan ludruk. Pagelaran Janger Banyuwangi nyawijkake aspek kabudayaan Bali lan Jawa. Unsur kang nuduhake kabudayaan Bali yaiku gamelan, busana, lan tari-tarian, dene bab kang nuduhake kabudayaan Jawa nggunakake lakon crita Jawa, mligine crita Majapahitan.

### Konsep Struktur

Analisis struktur sawijining karya sastra yaiku upadaya kanggo ngekspesitake lan nyistematisake apa kang ditindakake sajrone proses maca lan mangerten iku karya sastra (Teew, 1998:154). Edraswara (2008:49) ngandharake kang diarani strukturalisme setemene yaiku carane mikir ngenani jagad kang gegayuta karo tanggepan lan ndheskripsekake struktur-struktur. Ing pamawas iki karya sastra diawwas minangka fenomena kang nduweni struktur kang gegayutan siji lan liyane.

Satoto (2012:38) ngandharake yen unsur kang mbangun karya sastra saka njero utawa lumrahe diarani unsur intrinsik antarane prosa, puisi, lan drama iku beda. Satoto (2012:38) uga ngadharake yen struktur lakon kuwi ana 5 yaiku tema lan piwulangan, pamaragan, alur, pacelathon, basa.

### Stilistika

Analisis stilistika tumrap karya seni kuwi ora gampang kaya ngandharake karya sastra jalanan karya seni minangka *ekpresi* pangripta, kang nggunakake rasa pangrasa nalika medharake karya seni supaya apa kang dadi tujuwane bisa katujokake marang pamirsa. Analisis reriptan sastra dirasakake saka tembung-tembung lan ukara kang wis tinulis, dene analisis reriptan sastra kang arupa drama kuwi kudu mangerten larasing tembung, *ekpresi* lan gaya paraga ing panggung.

Panemu ngenani stilistika dening para ahli mau, mujudake tintingan kang digunakake sajrone penliten tumrap pangelaran JKDB kang nggunakake *LPDR*. Objek iki nengengake kepriye wujud lelewane basa lan wujud retorika kang maujud ana ing salah sawijine karya seni kang arupa pangelaran.

### Landhesan Teori

Landhesaming teori mujudake perangan bab kang wigati kang bakal digunakake nalika objeck panliten dianalisis. Teori-teori kang digunakake mujudake teori kang nyengkuyung analisis, teori-teori kang digunakake ana sesambungan karo undheraning panliten.

Panliten iki nggunakake tintingan stilistika saka panemune Sudjiman (1993:2-3) ngandharake yen stilistika mujudake cara pangripta kanggo nggunakake unsur kaendahan kang ana sajrone rasa kang diwujudake dening karyane. Banjur uga disengkuyung tintingan struktural kanggo mbedah *LPDR*, analisis struktur kang digunakake yaiku miturut panemune Teuwu (1984:154) menawa analisis karya sastra yaiku upaya kanggo ngeksplitasitake lan nyistematisake apa kang dilakoni sajrone proses maca lan mahami karya sastra.

Miturut Satato (2012:38) uga ngadharake yen struktur lakon kuwi ana 5 yaiku tema lan piwulangan, pamaragan, alur, pacelathon, basa. Limang struktur lakon kasebut kanggo ngonceki *LPDR* saengga bisa kadhudhah aspek stilistik sajrone lakon kasebut.

Minangka nggunakake tintingan stilistika, *LPDR* negenake aspek stilistik sajrone *LPDR*, aspek stilistik sajrone *LPDR* ana 2 yaiku lelewane basa, aspek retoris. Lelewane basa lan aspek retoris kasebut dioncek iji mbaka iji saengga bisa kadhudhah piwulang kang ana sajrone *LPDR*.

## METODE

### Ancangan Panliten

Ing panliten iki digunakake analisis struktural. Analisis struktural yaiku teori kang mandheng karya sastra minangka karya mandiri kang nengenake aspek *intrinsik* karya sastra. Unsur intrinsik kasebut ngadhet ide, tema, latar, watak, tokoh, lsp kang gegayutan (Endraswara, 2003:52-53).

### Sumber Data lan Data

Rekaman kaset pagelaran JKDB kang milih *LPDR* dhewe nduweni katramgan wujude bisa dideleng ana ing rekaman kaset kang sampun beredar ana ing toko-toko kaset. Data kang nududahakake *LPDR* ing antarane :

- 1) Arane paguyuban : Janger Karisma Dewata Banyuwangi
- 2) Lakon : Penthul Dadi Ratu
- 3) Cover kaset : coklat
- 4) No : 1350/vcd/r/pa/03.2018/2013
- 5) Inp no : 483/01/429/2002
- 6) Cacahe kaset : 3
- 7) Durasi saben kaset: 01:01:09

### Metode lan Teknik Panliten

Ing panliten iki digunakake pendekatan stilistika, amarga panliti ngumpulake data kang laras kalawan teori-teori kang digunakake kanggo nganalisis aspek-aspek stilistik sajrone *LPDR*, ana sawenehing trap-trapan kang kudu ditindakake kanthi laras kalawan pendekatan stilistika , kaya kang bakal diandharake sabanjure.

### Tata Cara Ngumpulake Data

*Sistematis* kang dilakoni panliti nalika ngumpulake data yaiku kanthi ing ngisor iki :

- 1) Nyemak rekaman JKDB kanthi *LPDR* kanthi dibolan-baleni.
- 2) Data transkripsi banjur ditulis ing kertas.
- 3) Data transkripsi kang wis katulis banjur diwenehi weruh marang sutradara JKDB kanggo mangerten data *improve* lan data kang wis dirantam.
- 4) Banjur nglakoni klasifikasi data, klasifikasi data bisa dilakoni kanthi cara: nglasifikasi data adhedhasar wujud lelewane basa, nglasifikasi adhedhasar wujud retorika saengga pa kang dadi piwulang bisa kababar.
- 5) Sawise kabeh diklasifikasi banjur dianalisis miturut undheraning panliten kang arep dilakoni.
- 6) Banjur kudu tilti anggone nglakoni panliten kasebut.

### Tata Cara Ngolah Data

Teknik nyathet sakabehing pamerangan adhedhasar teori kang digawe tintingan. Tintingan kang ditindakake kayata

- 1) Maca data transkip kanthi diambil (teknik maca hermeutik) sekabehe transkip *LPDR*.
- 2) Data kang wis dikumpulake diperang adhedhasar struktur lakon lan aspek stilistik.
- 3) Data kang ana dicathet banjur diurutne laras kalawan undheraning panliten.
- 4) Data kang awujud cuplikan dikumpulake adhedhasar prakara kanthi nggunakake teknik urutan saka 1 nganti rampung.

## ANDHARAN PANLITEN

### Wujud Carita

*LPDR* mujudake salah sawijining objek panliten kang bakal dibedah kanthi aspek stilistik. Kanggo nggampangne ndhudhah aspek stilistik sajrone *LPDR*, kudu dimangerten dhisik kepriye wujud carita kang dibabar sajrone *LPDR*. Wujud cerita *LPDR* kang bakal dibabarake diperang dadi rong sub-bab sepisan reringkesan carita, kaping pindho aspek tematik.

### Reringkesan Carita

Reringkesan carita mujudake gegambaran bab isining cerita umume. Bab iki bakal luwih nggampangake kanggo ndhudhah aspek-aspek stilistik kang ana ing *LPDR*. *LPDR* mujudake salah sawijine

pagelaran drama tradisional dijupuk saka carita Sabda Palon.

Ing *LPDR* diceritakake salah sawijining pawongan kanthi asma Prabu Brawijaya kang dadi raja ing kerajaan Majapahit. Sang Prabu nglalekake adate para leluhur kang wis diuri-uri ing Majapahit. Bab kuwi njalari pusaka-pusaka Majapahit kang nduweni *yoni* utawa nyawa, malih rupa dadi mungsuhe Prabu Brawijaya, kang atetenger Prabu Kala Pragada. Prabu Kala Pragada ngedhekake kraton anyar kanthi asma Giri Samaran. Anane kraton Giri Samaran tujuwane kanggo ngelingake Prabu Brawijaya kang wis lput adate para leluhur Jawa.

### Tema Kritik Sosial

Kritik sosial mujudake salah sawijine *komunikasi* sajrone masyarakat kang nduweni piguna kanggo ngedhalekne tumindhake masyarakat. *LPDR* diarani nduweni tema kritik sosial jalaran *LPDR* mbabarake pacelathon-pecalthon kang isine menehi wujud pasemon sajrone urip bebrayan.

Wujud pasemonan kang isine ngandhut kritik sosial tumrap masyarakat kuwi ana ing sajrone pacelathon-pancelathon paraga *LPDR*. *LPDR* nyaritakake Prabu Brawijaya kang lput dadi pandhega, lali karo adhat luhur kang ngrembaka ing Majapahit. Pusaka-pusaka Majapahit owah dadi mungsuhe Prabu Brawijaya kang wis dipejahi, anane jelmaan pusaka-pusaka kuwi kanggo ngelingake Prabu Brawijaya kang wis lput dadi pandhega.

### Lelewane Basa Sajrone *LPDR*

*LPDR* mujudake salah sawijine lakon kang dibabar sajrone JKDB. Paraga *LPDR* kudu bisa nggunakake lelewane basa kang pinilih. Lelewane basa sajrone *LPDR* nduweni *fungsi* kanggo narik kawigaten pamirsa lan menehi nilai estetis sajrone lakon kasebut. Lelewane Basa sajrone pagelaran JKDB kanthi *LPDR* bisa kapilah antarane :

### Lelewane Basa Awujud Cangkriman

Cangkriman kang awujud dhagelan uga perlu dibabarake ing *LPDR*. Yen *LPDR* mbabarake lakon kanthi *serius* tamtune bisa menehi rasa *bosen* tumrap pamirsane. Mula bab-bab kang nduweni sipat dhagelan uga perlu dibabar ing *LPDR*. Dhagelan umume bisa njalari pamirsane ngrasa bungah jalaran tembung-tembung dhagelan kuwi nduweni surasa panglipur.

Pecelathon kasebut bisa ditemoni ing adegan 8 menit 00:17:00

Penthul	: ya ampun mok unggulunggulne tiwase buruh umbah-umbah bisnis ngono kok loundy anggetku loundry iki kantor apa.
Gandu	: loundry iki larang tul, sekilone 750,-. Tapi kan pinter <b>bojoku iki sak ora-orane Drs.</b>
Penthul	: <b>Drs iki apa?</b>
Gandul	: <b>dirumah saja.</b>

Tembung DRS mujudake salah sawijine cekakan kang tegese Dokterandes, ning jalanan digawe kanggo menehi efek dhagelan mula dadi ditegesi *dirumah saja*. Tembung sing kaya mangkono bisa menehi efek panglipur jalanan diplencengne saka teges asline. Kejaba pacelathon kang arupa cekakan paraga Penthul lan Gandu uga menehi cangkriman-cangkriman kang asipat dhagelan.

### Lelewane Basa Awujud Paribasan

Paribasan mujudake tembung kang semper kayadene saloka, nanging tegese wantah dudu pepindan, Paribasan mujudake tembung kang ajeg panggone, nanging ateges wantah ora ngemu surasa pepindan (Padmosoekotjo, 1953:35). Paribasan kuwi cacahe akeh banget ana kang iketaning ukarane nganggo purwakanti guru swara, ana mung salugune bae. *LPDR* iki nggunakake lelewane basa kang awujud paribasan kanggo menehi nilai estetis ing lakon kasebut. Lelewane basa kang awujud paribasan iki digunakake kanggo luwh nggamblangne pamirsa ngeneni apa maksud pacelathon kang dibabar, nanging paribasan kang dibabarake ing *LPDR* iki mujudake paribasan kang katulis salugune wae.

Gegambaran kasebut bisa ditemoni ing pacelathon adegan 8 menit 00:35:36

Gandu : arepa jenenge anak mesthi ditresnani, paribasan **diseneni sedina ping pitu yen jenenge anak mesthi dieman eman.**

### Lelewane Basa Awujud Parikan

Parikan mujudake salah sawijine unen-unen kang nduweni paugran kayata kedadeyan saka rong ukara, saben saukara kedadeyan saka rong gatra, gatra kapindho cacahe papat utawa wol, dene gatra kang kapisan ajeg patang wanda, dong-dinge swara (Padmosoekotjo, 1953:64). Lelewane basa kang awujud parikan sajrone *LPDR* ora akeh kayata wujude cangkriman lan paribasan. Parikan kang dibabarake ing *LPDR* iki mujudake salah sawijine *improve* paraga kanggo nambahi surasa endah.

Gegambaran kasebut bisa ditemoni ing pacelathon adegan 9 menit 00:28:55

NN1 : badhe tindak pundi kang mas?

Penthul : Adhoh alah biyung ter kotar katir **lombok abang pedes lurahe, klambi abang pantes.**

### Lelewane Basa Awujud Saloka

Saloka mujudake salah sawijing unen-unen ora kena owah, ora kena diganti, kudu ajeg panggone (Padmoesoekotjo, 1986:52). Saloka iki uga menehi efek kaendahan sajrone *LPDR*. Lelewane basa kang awujud saloka pancen dibutuhake ing *LPDR* supaya menehi makna tartamtu sajrone *LPDR*.

Gegambaran kasebut bisa ditemoni ing pacelathon babak Perang adegan 7 menit 00:59:46

Kuda Wilangin : Ieres Prabu, yen panjenengan mara piyambak wonten Giri Samaran ateges **unuk**

**marani sunuk  
upama ula marani  
gepu<sup>k</sup> kedah mawi  
cara**

### Lelewane Basa Awujud Karetta Basa

Kerata basa mujudake basa utawa tembung kang dikeratane, yaiku ditegesi kanthi kapilih saka wancahe (Padmoseokotjo,1953:29). Lelewane basa kang awujud kerata basa uga mujudake bab kang bisa nambahi efek estetis sajrone *LPDR*. Tetembungan kang ngandhut kerata basa bisa narik kawigaten pamirsa. Senajan tetembungan kang dikeratake minangka tetembungan kang umum nanging nduweni *style* kang beda. *Style* iku mujudake kekhasan ing *LPDR*.

Gegambaran kasebut bisa ditemoni ing pacelathon adegan 8 menit 00:18:13

Penthul	: tak kandhani senajan aku seneng ning batinku susah
Gandu	: <b>susah iki apa susune salasah</b> ( <i>improve</i> )
Penthul	: lha sing ngemik apa gudhel? Susah iki tegese aku sumpek
Gandu	: <b>sumpek iki apa susune apek</b> ( <i>improve</i> )

### Lelewane Basa Awujud Purwakanthi

Purwakanthi tegese nggandheng (swara utawa sastra) kang wis kasebut ana ing wiwitan, yaiku kang kasebut ana ing (perangane ukara) kang ngarep utawa wiwitan (Padmoeookotjo,1953:58). Purwakanthi diperang dadi loro yaiku purwakanthi guru swara lan guru sastra. Purwakanthi guru swara yaiku purwakanthi kang ngelingi wewaton swarane, paugran swarane utawa bisa diarani asonansi. Miturut Pradopo (1987:22) asonansi mujudake swara kang nduweni sipat esteti kang nduweni tujuwan kanggo menehi makna luwih saka pacelathon kang bisa nggambareke swasana kang ora satemene. Wujud purwakanthi kaping loro yaiku guru sastra ateges purwakanthi kang ngelingi wewaton sastra, yaiku purwakanthi kang pangrakite ukarane tinunggalake sastrane utawa aksarane. Purwakanthi sastra uga bisa dirani aliterasi. Miturut Pradopo (1987:37) aliterasi nduweni guna kanggo menehi makna luwih saka makna satemene.

Purwakanthi mujudake salah sawijine lelewane basa sajrone *LPDR*. Anane purwakanthi ing sajrone *LPDR* tujuwane supaya pamirsa ora bosen karo *LPDR*. Purwakanthi kang ana ing *LPDR* amung winates purwakanthi guru swara. Pamirsa mesthine ngrasakake bosen yen amung ngrungokake pacelathon kang asipat serius, kudu diwenehi *trik* supaya pamirsa ora bosen karo anane *LPDR*. Lelewane basa kang awujud purwakanthi iki menehi rasa luwih saka makna satemene.

Gegambaran kasebut bisa ditemoni ing pacelathon adegan 8 menit 00:14:57

Pethul	: goblog !! pitik walek saba kebon iki ya pitik golek pakan. Berati aku oleh gendong !!!, sik tak bedeki maneh kowe rak wong seni tetemabanganku iki
--------	--

artine apa? Lek isa kowe tak gendhong tak tambahi bayaramu iki lagu artine apa?  
**Du du reng ret ret jing pok dol dol dol teng teng cereret cereret**

Gandu  
Pethul

: bedekan apa kuwi  
: col? **Du du reng ret ret jing pok dol dol dol teng teng cereret cereret randu radu garing dieret-eret bajing kapuk madul madul klenem mecer-mecer**

Tetembungan *du du reng ret ret jing pok dol dol dol teng teng cereret cereret, randu –randu garing dieret-eret bajing kapuk madul madul klenem mecer mecer* mujudake purwakanthi swara jalanan tetembungan iki kang ngelingi wewaton swara, paugran swara, yaiku swara sing kasebut ana ing gatra perangan kang ngarep utawa wiwitan, digandeng sisebutne maneh ing perangane ukara mburi.

Anana purwakanthi iki uga nilai estetis marang *LPDR*. Purwakanthi arupa guru swara iki bisa narik kawigaten pamirsa senajan dudu mujudake tujuwane utamane *LPDR*,ning purwakanthi bisa nambahi nilai estetis.

Penthul : **cumawil tolak barang ira, dosaning angrakit sesaji, kanggo cara asiling memuja,sesaji rahayu memuji.**

Tetembungan cumawil barang **ira (a)**

Dosaning angkrakit **sesaji (i)**  
Kanggo cara asiling **memuja (a)**  
Sesaji rahayu **memuji (i)**

Tetembungan mau mujudake lelewane basa purwakanthi guru swara. Saben tembung pungkasane dipungkasi a,i,a,i bab kuwi mujudake salah sawijine purwakanthi kang manut paugran. Purwakanthi kang sipate kaya mengkono mau, bisa nambah kawigatene pamirsa jalanan pamirsa ora amung ngrugokake babaran pacelathon paraga *LPDR* nanging uga ngrugokake tembung-tembung kang endah kayadene purwakanthi.

Lelewane basa iki digunakake kanggo menehi makna estetis sajrone *LPDR*. Purwakanthi mau digawe Penthul ngusir Prabu Kala Pragada. Purwakanthi iki dirasa nduweni *style* tinimbang amung nggunakake pacelathon apa anane

Penthul	: <b>Adhoh-Adhoh mak prekenyeng, mak prekenyong, waru dhoyong pinggir embong, godhong waru bolong-bolong.</b>
---------	---

*Adhoh-Adhoh mak prekenyeng, mak prekenyong, waru dhoyong pinggir embong* mujudake purwakanthi guru swara jalanan saben pungkasane tembung dipungkasi karo tembung kang swarane

saemper yaiku ***ong***. Anane tembung kaya mengkono kangi surasa panglipur marang pamirsane.

*LPDR* uga butuhakake tembung-tembung kang dipacaki kayadene Purwakanthi, anane tembung purwakanthi bisa manehi daya pangribawa marang pamirsane. Pamirsa ora gampang bosen karo pagelaran kasebut. Tembung-tembung kang dipacaki umume pacen bisa nambah kawigaten pamirsa.

### Aspek Retoris *LPDR*

Aspek retoris isih kalebu aspek stilistik. Stilistika mujudake ilmu kang nyinaoni lelewane basa kang khas kanthi tujuwan tartamtu. Apek retoris mujudake salah sawijine cara kanggo babarake lelewane basa. Retorika minangka ilmu kang nyinaoni basa seni (kecakapan berbahasa) kang nduweni sesambungan kaliyan kagitan tutur.

Pagelaran JKDB mujudake salah sawijine genre sastra arupa drama. Basa kang digunakake sajrone drama dudu basa padinan, nanging nggunakake basa sastra supaya menehi makna luwih estetis. Aspek retoris mujudake aspek kang wigati sajrone pagelaran JKDB. Pagelaran JKDB nggunakake basa kang *has*, basa *has* ateges dudu basa padinan, basa kang khas kuwi bisa nduweni makna estetis. Paraga-paraga kudu bisa mbabarake pacelathon-pachelthon kang bisa narik kawigaten pamirsa.

### Majas Pambandhing

Majas pambandhing yaiku tetembungan kang mbabarake pambandhing kanggo nuwuhake surasa rasa utawa daya pangribawa tumrap pamirsa. Saben tembung dibandhingake bisa nuwuhake sawijining teges lan nuwuhake luwih tinimbang makna satemene. Anane majas pambandhing sajrone *LPDR* supaya bisa luwih cetha ngenani apa kang dimaksud saka pacelathon kang dibabarake paraga-paragane *LPDR*. Majas pambandhing sajrone *LPDR* kaperang dadi sub jinis yaiku :

### Majas Pasemon

Majas sindiran yaiku lelewane basa kang ngemot surasa pasemon. Lelewane basa sindiran yaiku sawijining ungkapkan kanthi makna utawa maksud kang beda. Anane majas sindiran sajrone *LPDR* bisa nambah efek *rasa panggrasane pamirsa*. Majas sindiran diperang dadi perangane sub jinis yaiku :

### Majas Penegasan

Majas penegasan mujudake lelewane basa kang bolan-baleni tembung. Anane majas penegasan ing *LPDR* tujuwane yaiku kanggo mbangetne makna sajrone pacelathon. Kanthi majas penegasan pacelathon kang dibabarake paraga luwih nduweni *style* tinimbang mung dibabarake apa anane. Majas penegasan diperang dadi sub jinis yaiku

### Pamedharing Basa Sajrone *LPDR*

Pamadharing basa sajrone *LPDR* mujudake bab kang kalebu aspek retorika. *LPDR* mujudake salah

sawijining drama tradhisional, jenenge drama bab kang dadi objek utamane yaiku pacelathon. Pacelathon sajrone pagelaran mesthine ora pada karo pacelathon padinana, senajan amung wujud pacelathon ning yen pacelathon kuwi ana sajrone pagelaran kudu nduweni surasa kang khas.

### Pocapan Dramatik

Pocapan mujudake tindak ujar kang kudu dilakoni dening praga. Dramatik mujudake salah sawijine bab kang wigati kang kudu diduweni paraga-paraga lakon. Dramatik bisa ditegesi perwujudane *penaimpalan* paraga lumantar pikirane, pacelathone, lan tumindake kang selaras alur carita bisa kababar tumrap pamirsa. Perwujudane pocapan dramatik salah sawijine yaiku pacelathon. Pacelathon minangka salah sawijining bab kang paling utama ana ing *LPDR*. Pacelathon paraga bisa nggamarake tumrap pamirsa ngenani apa lakon kang kababar.

*LPDR* minangka salah sawijining lakon kang dimagerteni lumantar pocapan lan pamaragan pacelathon dadi luwih *kompleks*. Paraga kudu bisa nggunakae pamilihan tembung kang trep lan selaras. Pamilihaning tembung kang trep lan selaras bisa narik kawigaten pamirsa.

Pachelthon kang dibabarake paraga *LPDR* kanthi ora langsung pamirsa mangerteni paragane lan wewatekane lan apa kang dadi alur caritane. Pacelathon paraga uga bisa menehi gambaran tumrap pamirsa ngenani paraga antagonis lan paraga protagonist. Kanggo menehi tuladha yen pamirsa kanthi ora langsung bisa mangerteni alur lan wewatekan lumantar pacelathon.

Gegambaran tuladha paraga antagonis bisa ditemoni ing pacelathon adegan 3 menit 00:2

Prabu Kala Pragada : Kudis Ngara, Pasuwanggana, Pasungpati mula kowe kabeh tak jarwani lumrah kowe bingung, karo kalenggahan iki, tak dandani anggonku ngrasakake kahanan sing kaya mengkene mung **sarana arep nyongkengkawibawane Majapahit mula seksenana**, papan iki dak menehi aran Giri Samaran. Piye wis saemper kaya praja majapahit?

Pasungpati : wonten sisih babar sepindah kalih kraton majapahit inggih saget saemper. Ning menapa kepareng yen praja Majapahit kula jarake mawon ?Pasungpati : yen pinanggih kula, boten **dipun jarah, ning dipun rusake mawon praja Majapahit**.

### Diksi

Diksi mujudake pamilihing tetembungan kang ditemotakake dening pangripta. kanthi cara kang trep kanggo ngrakit tetembungan. Tembung kang dipilih digunakake kanthi ati-ati supaya pangriptane bisa menehi nilai estetis lan bisa mujudake makna. *LPDR* nggunakake diksi tartamtu supaya rasa rasa pangrasane pamirsa bisa tuwuhanalika lakon dibabar. Andharan pamilihing tetembungan sajrone *LPDR* kuwi nggunakake basa non-normatif.

### Basa Normatif Lan Basa Non-Normatif

Basa normatif mujudake salah sawijine pamilihan tembung kang manut paugran tartamtu. Basa

normatif uga bisa diarani basa resmi. Basa resmi yaiku lelewane basa kang wujude jangkep, lelewane basa resmi digunakake ingadicara kang resmi. Wujud basa normatif (lelewane basa kang resmi) kuwi jangkep lan manut paugran tarmatmtu. Lelewane basa resmi utawa basa normatif digunakake selaras karo wayah lan papane. Basa normatif umume, digunakake ingadicara kayata pidhato, lan sapiturute. Bab kang wigati sajrone nggunanake basa normatif yaiku pamilihing tembung kang dijupuk saka tembung kang pinilih lan standar. Basa *Non-normatif* mujudake lelewane basa kang ora manut paugran tartamtu. Basa non-normatif bisa uga ditegesi lelewane basa kang ora resmi. Lelewane basa kang ora resmi mujudake lelewane basa kang digunakake ingadicara kang ora formal. Pamilihaning tembung kang digunakake ing basa *non-normatif* bisa gunanake *dialog*.

*LPDR* mujudake salah sawijine drama tradisional kang nduweni sipay kedearahan. JKDB mujudake salah sawijine paguyuban janger kang ngrembaka ing tlatah Banyuwangi. Tlatah Banyuwangi manggon ana ing pucuk etan Jawa Timur. Basa kang digunakake ana loro yaiku Using lan Jawa. JKDB mujudake pagelaran janger kang dibabar nggunakake basa daerah Banyuwangi mligine basa Jawa. Basa Jawa kang digunakake ing tlatah Banyuwangi beda karo basa Jawa kang digunakake ing tlatah kulonan.

Tuladhan *LPDR* nggunakake basa *non-normatif* bisa ditemoni ing pacelathon adegan 5 menit 00:35:51  
 Kuda Tilarsa : pancen bener, ning papan kana mau ana wewanganan kang gedhe sanget  
 Kuda Wilangin: pancen bener, ning papan kana mau ana wewanganan kang gedhe banget kamangka wewanganan kae mau isih kalebu tlatah praja majapahit. mula, saka kuwi priyai ayo sowan menyang kang mas prabu brawijaya matur  
 Kuda Tilarsa : inggih matur namun kula ngumun **dinten menapa anggone awiwi membangun?**

Tembung dinten menapa anggone awimti **membangun** mujudake salah sawijining konteks pacelathon kang ora manut kaliyan paugran tata bahasa jawa jalaran paraga Kuda Tilarsa uga nggunakake basa indonesia kango mbabarake pacelathon. Tembung **membangun** kalebu tembung basa Indonesia. Tembung membangun bisa diganti tembung **ngedekake**.

Gegambaran liyane kang nuduhake *LPDR* nggunakake basa *non-normatif* bisa ditemoni ing babak 8 menit 00:35:44

Prabu Brawijaya : Panjenengan dak anggep wong tua Paman Sabda Palon sakaning Praja Majapahit, mula ayo urip pada rukun **sampeyan** isih ngakoni duwe momongan ing praja majapahit

Prabu Brawijaya minangka pandhega ing *LPDR*. Pandhega kudune bisa mbabarake basa kango trep kaliyan paugran tartamtu utawa nggunakake basa normatif. Cuplikan pacelathon mau Prabu Brawijaya mbabarake tembung **sampeyan** sejatiné minangka pandhega tembung **sampeyan** kuwi, ora ana kalebu basa normatif. Sabda Palon minangka paman saka Prabu Brawijaya ateges Sabda Palon luwih tuwa tinimbang Prabu Brawijaya. Kawitan Prabu Brawijaya nggunakake

tembung **panjenengan** nanging ing sabanjure nggunakake tembung **sampeyan**.

Tembung **sampeyan** uga ditemoni ing pacelathon Penthul adegan 12 menit 00:52:56  
 Prabu Brawijaya : Matinya. Paman Sabdo Palon aku ora rila jalanan aku duwe utang janji ning aku urung bisa nuhuni klawan janji.

Penthul : Sinuwun Brawijaya estunipun manah, dumadine prakaraning namung Prakawis sedayanipun dumugi kula lan **sampeyan** isih kurang tanggap sasmita.

Penthul mujudake penasehate Prabu Brawijaya nanging Prabu Brawijaya minangka Nalendra Majapahit, ateges ora pantes yen Penthul nggunakake tembung **sampeyan** kanggo cecaturan marang Prabu Brawijaya.

Gegambaran liyane *LPDR* kang nggunakake basa *non-normatif* bisa ditemoni ing adegan 12 menit 00:41:36

Resi Tunggulmanik : ana ratu kok **kluyuran** ki kepriye?

Prabu Brawijaya : kepecah ana putra sakah!

Resi Tunggulmanik : sebabé?

Tembung **kluyuran** mujudake salah sawijine basa kang ora manut paugran tartamtu. tembung **kluyuran** mujudake salah sawijine *dialog* kang ana ing Banyuwangi. **Kluyuran** nduweni teges dolan. Tembung **kluyuran** sejatiné kurang cocog yen digawe kango cecaturan kaliyan Ratu. Tembung kang luwih pas kango cecaturan kaliyan ratu yaiku **ana ratu kok ameng menyang jaba kraton menika kadospundi**.

### Piwulang Sajrone *LPDR*

Piwulang yaiku pitur, wewarah (Atmojo,1987:331). Piwulang uga bisa ditegesi minangka carane manungsa kango nuntun tumindake dhewe supaya bisa laras karo urip ing bebrayan. Piwulang bisa didadekake paedah kang gedhe tumrap panguripane manungsa. Piwulang bisa didadekake dhasar lan landhesan tumrap tuwuhan lan ngrembakane samubarang sarta nduweni fungsi minangka petunjuk arah kango tujuwan kang bakal digayuh. Piwulangan ora bisa uwah saka tujuwan umum kanggo kepentingane masyarakat, amarga piwulangan nduweni sesambungan kang rumaket tumrap panguripane manungsa sabendinane.

### Piwulang Kang Gegayutan Karo Pribadi lan Masyarakat

Wong Jawa nduweni aturan tata krama kang bisa didadekake panutan tumrap manungsa supaya dadi manungsa kango luwih becik. Becik lan alane sipate manungsa bisa kagabarake saka tumindake sabendinane. Ing bebrayan masyarakat diatur lan diwatesi dening kaidah-kaidah lan norma kang wis disarujuki bareng. Piwulang minangka salah sawijining kaidah kang bisa didadekake pandom-pandoming panguripane manungsa ing bebrayan.

*LPDR* iki, nggabarake tumrap pribadi lan masyarakat kepriye carane dadi pandhega kang apik lan ora ninggal kabudayan Jawa kang wis diuri-uri sabendinane. Piwulang gegayutan karo awake dhewe

kang bisa dijupuk saka *LPDR* kaya bisa kababar mangkene

### 1) Nguri-Uri Budaya Jawa

Nguri-Uri budaya bisa ditegesi jaga lan ngrembakake kabudayan Jawa. Kabudayan Jawa minangka salah sawijining budaya kang diduweni masyarakat Jawa. Kabudayan Jawa diperang dadi telu sepisan bisa diarani budaya lisan, budaya lisan ing antarane kayadene ungkapan rakyat kayata parikan, lagu tradhisional lan Isp. Kapindho budaya setegah lisan kayadene upacara adhat istiadat lan sapiturute, katelu yaiku budaya non lisan kayata omah adhat, kalmbi adhat lan sapiturute.

*LPDR* minangka lakon tradhisional kang mbabarake cerita rakyat ngenani Sabda Palon lan Noyo Genggong. Carita kang kababar iki mesthi ana owahane kanggo nggampangne pamirsa mangerteni piwulang kang ana ing *LPDR*.

Piwulang nguri-uri budaya Jawa mujudake salah sawijine piwulang kang bisa dijupuk saka *LPDR*. Gandu mbabarake pacelathon “ *kula boten cocog kaliyan Majapahit, jalaran wong Majapahit ninggalake adhat Jawa, biasane sasi sura nanggap wayang saiki blas, biyen ana wong slametan saiki ora oleh* (adegan 8 menit 00:29:33). Kanthi sinarat Gandu mbabarake yen masyarakat Jawa saiki wis ora gelem nguri-uri budaya Jawa. Gandu menehi gambaran tumrap pamirsa supaya pamirsa uga tetep nguri-uri budaya Jawa jalanan budaya jawa minangka budaya kang diduweni masyarakat Jawa. Pacelathon Gandu kanthi maksud sinirat nggambareke tumrap pamirsane yen masyarakat saiki wis ora gelem nguri-nguri budaya Jawa. Slametan mujudake salah sawijining adhat Jawa kang dibabar saben tanggal tartamtu lan saben ana bab-bab tartamtu tujuwane anane slametan minangka perwujudane rasa syukur marang Gusti Pangeran ning saiki adhat slametan kuwi wis ora tau digawe jalanan wong ngadhakake slametan kuwi bisa uga diarani wong kang musrik marang Gusti Allah.

Pagelaran Wayang minangka salah sawijine kesenian kang kalebu kebudayaan Jawa. Pagelaran wayang umume dibabar yen tanggal sura utawa yen ana acara tartamtu nanging wong saiki akeh sing ora gelem delok wayang jalanan wong kang nonton wayang dianggep wong kuna, ora moderen mula saiki pangrembakane wayang ing tlatah Jawa kurang wanter kaya biyen. Sejatiné Gandu menehi gambaran tumrap pamirsane yen wayang kuwi mujudake salah sawijining kesenian Jawa kang kebak piwulangan kang bisa didadekake pandom-pandoming panguripane manungsa.

Pachelthon kang mbabarake pamirsa kudu nguri-uri budaya jawa uga bisa tinemu ing pacelathon kang dibabarake Resi Tunggul Manik. “**Kaki Prabu, Kakang Sabda Palon Naya Genggong, panjenengan kabeh iki ora lutut sing lutut aku karo anaku Brawijaya, Ngene ngger, kanthi sarana permati kaya iki, sira lan aku lutut jalanan aku ora tau ngopei pusaka pendak tanggal sepisan kudu kok sucenti** (adegan 13 menit 00:54:40). Cupikan pacelathon mau, nggambareke tumrap pamirsa yen kita ora bisa nguri-uri budaya Jawa mula kita bakal nemu bab-bab ora nyenengake. *LPDR*

nggambareke yen Prabu Brawijaya lutut karo budaya Jawa mula pusaka-pusakane owah dadi mungsuhe.

### 2) Kapandhegan

Kapandhegan mujudake salah sawijining kalungguhan dadi pandhega. Pandhega kudu bisa dadi tuladha tumrap kawulane. *LPDR* iki mbabarake tumrap pamirsa kepriye carane dadi pandhega nanging piwulang kasebut bisa dimangeretni kanthi sinirat lumantar pacelathon paraga. Gandu lan Penthul mbabarake ngenani sangune dadi pandhega yaiku hastbarata. Hastabratu nduweni teges piturut 8 prakara.

#### Gandu

: astaga dudu sambirata tegese hastrabata, hastabrata tegese pambekana 8 prakara, diarani surya, candra kartika, banyu, bumi, geni, angin lan samudra dadi pemimpin manggenana watak 8 prakara kuwi mesthi bakal slamer terus pungksan kudu manggoni tembung SLJ, srawung, layat lan jagong (cuplikan adegan 8 menit 00:32:30).

### 3) Manunggaling Kawula Gusti

Manunggaling Kawula Gusti umume dimangertenih minangka ilmu kang ana sesambungane kaliyan Gusti Pangeran, kejaba kuwi manunggaling kawula Gusti uga bisa dimangertenih minangka sesambungane raja kaliyan kawulane. Lakon Penthul uga saemper kayadene lakon Semar. Pandhega bisa diibaratake kayadene Gusti Pangeran.

Penthul lan Gandu mujudake pawongan kang menehi piturut marang Prabu Brawijaya, dene Prabu Brawijaya mujudake pawongan kang ngelakoni apa kang dadi piturut saka punakawane. Bab iki bisa diarani manunggaling kawula Gusti. Bisa diarani Manunggaling kawula Gusti jalanan menehi gambaran tumrap pamirsa ngenani sesambungane raja lan kawulane. Prabu Brawijaya minangka pandhega Majapahit kang nduweni pangkat lan drajat kang dhuwur, senajan nduweni pangkat lan drajat kang dhuwur, minangka pandhega kudu adhap asor, gelem ngrungokne piturut-piturut saka kawulane. Manunggaling kawula Gusti kang dimaksud ing lakon iki Pandhega mujudake salah sawijine gegambaran saka Gusti Pangeran, dene kawulane mujudake gegambaran saka mahluk ciptane Gusti Pangeran.

Piwulang Manunggaling kawula Gusti uga bisa ditemoni ing *LPDR*. Piwulang Manunggaling kawula Gusti ora amung bisa dimangertenih sesambungane Gusti Pangeran lan mahluk-e nanging uga bisa dimangertenih sesambungane Pandhega lan kawulane.

Gegambaran kasebut bisa ditemoni ing pacelathon adegan 8 menit 00:35:44

Prabu Brawijaya : panjenengan dak anggep wong tua paman Sabda Palon, **mula ayo urip pada rukun**, sampeyan isih ngakoni nduwe momongan ing praja Majapahit?

Penthul : bocah-bocah Majaphit kuwi wis dak anggep anak kula

Gegembaran kasebut gambarake piwulang manunggaling kawula Gusti, piwulang kang bisa dijupuk saka gegambaran pacelathon kasebut. Pandhega kang apik yaiku pandhega kang bisa nduweni sesambungan kang apik karo kawulane, Pandhega kudu bisa menehi tentrem kawulane, bisa menehi tuladha marang kawulane. Ing *LPDR* Prabu Brawijaya kang nyuwun marang kawulane yaiku Penthul supaya ora mungsuhan karo wong liya, kudu urip rukun supaya bisa tentrem lan lestari rakyate.

Piwulang manunggaling kawula Gusti uga liyane uga bisa ditemoni ing pacelathon adegan 13 menit 00:44:57

Penthul : Sinuwun Prabu Brawijaya, sejatiné kabeh prakara iki, sedayanipun dumigi panjenengan lan kula isih kurang **tanggap ing sasmita**

## Panutup

Adhedasar kang ditindakake marang pangelaran JKDB kanthi *LPDR*, bisa didudut ngenani anane lelewane basa, aspek retorika lan piwulang sajrone *LPDR*. Lelewane basa kang kinadhut sajrone *LPDR* bisa ditemoni saka pacelathon paraga *LPDR*. Lelewane basa kang katon ana ing *LPDR* keperang dadi 6 jinis yaiku: (1) Cangkriman, (2) Paribasan, (3) Parikan, (4) Saloka, (5) Kreta Basa (6) Purwakanthi. Lelewane basa sajrone *LPDR* nududahe ciri khas paguyuban JKDB kanggo mbabarake anane tujuwan lakon dibabar

Kejaba *LPDR* nggunakake lelewane basa, aspek retorika uga mujudake aspek kang wigati sajrone *LPDR*. *LPDR* mujudake salah sawijining drama tradisional kang ngrembaka ing tlatah Banyuwangi. Pagelaran bisa diarani *sukses* yen kababar. Paraga mujudake bab kang wigati sajrone pagelaran, jalaran pamirsa mangerteni alur carita saka pacelathon-pacelathon kang dibabarake paragane.

Aspek retorika mujudake ilmu kang nyinaoni teknik panganggone basa kanthi apik, kang dibabar ing ngarepe wong akeh. Kanggo narik kawigatene mitra tutur, aspek retorika luwih nengenake lelewane basa kang pinilih lan selaras kanggo narik kawigatene mitra tutur. Paraga *LPDR* nggunakake aspek retorika supaya apa kang dadi piwulang kang kinadhut sajrone lakon katujuake tumrap pamirsane. Aspek retorika kang ana ing *LPDR* diperang dadi rong sub-jinis. Sepisan aspek retorika arupa majas. Majas kang ana ing *LPDR* diperang dadi 3 jinis (1) Majas Pambadhang (2) Majas Sindiran, (3) Majas Penengasan. Aspek retorika kang kaloro yaiku pamedharing basa *LPDR*. Pamedharing basa *LPDR* diperang dadi 2 jinis yaiku : (1) Pocapan Dramatik, (2) Diksi.

*LPDR* mujudake salah sawijine pegelaran drama tradisional kang nduweni tujuwan tartamtu kejaba menehi panglipur. Yen didedeleng saka lelewane basa lan aspek retorika mau, *LPDR* ngandhut surasa piwulang kanthi ora langsung utawa tersirat. Seben pacelathon kang dibabarake paraga *LPDR* ngandhut piwulang.

Piwulang kang bisa dijupuk saka *LPDR* keperang dadi 3 jinis yaiku : (1) Nguri-uri budaya jawa, (2) Kapandhegan, (3) Manunggaling Kawula Gusti.

## 5.2 Pamrayoga

Analisis kang dilakoni iki ngrembug babagan pegelaran JKDB kanthi *LPDR*, lakon mau nggunakake basa Jawa. Analisis kang dilakoni luwih nengenake lelewane basa lan aspek retorika saengga apa kang dadi piwulang sajrone *LPDR* bisa kababar. Analisis iki nduweni ancas supaya panliten iki bisa nduweni piguna tumrap masyarakat pamaca lan tumrap panlite dhewe. Piguna tumrap masyarakat supaya masyarakat bisa tetep nguri-uri kabudayaan kang kebak banget kaliyan piwulang kang bisa didadekake pandom pandoming urip. Saliyane kuwi supaya masyarakat uga bisa dudut paedaha-paedah kang ana sajrone *LPDR* mau.

Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan, kumangka diarepake panliten sabanjure bisa luwih sampurna saka panliten iki. Panliten iki dikarepake uga bisa nduweni daya pangribawa tumrap panliten sabanjure kang nduweni objek utawa teori kang meh padha. Dikarepake panliten sabanjure bisa ngrembakake panliten iki kathi luwih sampurna.

## KAPUSTAKAN

- Abidin, Yusuf Zainal.2012. *Pengantar Retorika*. Bandung: Pustaka Setia
- Adi, Ida. 2011. *Fiksi Populer*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Aminuddin. 1995. Stilistika.*Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press
- Atmojo,Prawiro.1987.*Bausastra Jawa*.Surabaya:Yayasan Djojo Bojo.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek Edisi Revisi V*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Pembelajaran Drama Apresiasi, Ekspresi, dan Pengkajian*. Yogyakarta. PT Buku Seru.
- Keraf, Gorys. 1980. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Nurgiyantoro,Burhan.1994. *Teori Pengkajian Fiksi*.Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Mahsun, M S. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*.Jakarta: PT Rajadrafindo Persada.
- Padmoesoekotjo.1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta: Panitya Bahasa Djawa
- Padmoesoekotjo.1986.*Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta : Hien Hoo Sing
- Pradopo, Rachmad Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Jakarta : Gadjah Mada University Press
- Rakhmat, Jalaluddin. 2012. *Retorika Modern Pendekatan Praktis*.Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*, Yogyakarta:Pustaka Pelajar
- Ratna, Nyoman Kutha.2006. *Estetika Sastra dan Budaya*. Denpasar: Pustaka Belajar
- Saini K.M. 1994. *Apresiasi Kesusastraan*.Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Satoto.2012. *Analisis Drama Dan Teater*.Kartasura: Ombak(anggota IKAP)
- Sudjiman, Panuti.1993. *Bunga Rampai Stalistika*. Jakarta: Pustaka Utama
- Sutrisno, Mudji. 2005. *Teori-Teori Kabudayaan*.Yogyakarta: Kanisius
- Tarigan, HG. 2011. *Membaca Ekspresif*. Bandung : PT Angkasa Bandung.
- Tarigan,HG.1985. *Pengajaran Gaya Bahasa*. Bandung : PT Angkasa Bandung
- Tarigan,HG.1994. *Prinsip-Prinsip Dasar Sastra*.Bandung: PT Angkasa Bandung
- Teew.A.1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta :Pustaka Jaya
- Wibisna, Bayu.2010. *Teater Rakyat Jawa*. Klaten: Intan Pariwara
- Wiyanto, Asul. 2002. *Terampil Bermain Drama*.Jakarta : PT Gramedia Widiasarana Indonesia

